



BYENVINI NAN

Peyi Etazini

Ajan gouvènman Ameriken yo te libere ou nan fwontyè
ant Etazini ak Meksik la.

Ou gentan travèse anpil eprèv deja,
men vwayaj ou a poko fini.

Nou ap ba ou ti pake sa kòm yon resous pou ede ou pandan
vwayaj ou nan nouvo adrès ou a.

Enfòmasyon ki nan pake sa pa konsèy legal, e li pa genyen tout
sa ou bezwen konnen.
Li sèlman la pou ede ou demare.

Ka genyen kèk lòt resous nan destinasyon ou an, ak sou
entènèt, ki ka pi byen reponn kesyon ou yo.

Bon vwayaj e nou swete ou tout bòn chans!



KAT ETA ETAZINI YO AK GRAN VIL YO





PWOCHEN ETAP OU YO.....

Jeneralman moun ki libere nan fwontyè a pa gen dwa otomatik pou yo rete nan peyi Etazini. Gen plis bagay pou fè toujou, tankou:



Ale nan tout **randevou ak dat tribinal yo**

Si ou pa ale nan yon randevou oswa aparisyon devan tribinal ka lakoz jij imigrasyon an bay yon lòd pou depòtasyon. Enfòmasyon sou fason pou jwenn dat ak lye pou yon pwochen randevou oswa prezantasyon nan tribinal enkli nan pakè sa a.



Enfòme gouvènman an konsènan yon **demenajman oswa chanjman adrès**

Si ou pa enfòme gouvènman an de nouvo adrès ou a, ou ka lakoz jij imigrasyon an bay yon lòd pou depòtasyon oswa konplikasyon nan dosye imigrasyon ou an. Enfòmasyon sou fason pou enfòme Otorite Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) ak tribinal imigrasyon an konsènan yon nouvo adrès enkli nan pakè sa a.



Enskri timoun yo nan **lekòl**



Obeyi tout **lwa ETAZINI yo**

Abite nan yo nouvo peyi ka difisil. Men, moun yo ki libere nan fwontyè a ka fè demach pou asire sekirite tèt yo ak fanmi yo, tankou:



Eseye jwenn yon **avoka** (w'ap jwenn lyen wèb la nan pake a)



Jwenn **resous** èd medikal, legal, lojman, ak lòt

Ou ka jwenn resous yo nan liy nan telefòn, sou sit wèb, nan men pwofesè yo, oswa nan òganizasyon konfyans yo



OU GEN KESYON? OU BEZWEN ÈD?

Itilize liy telefonik sèvis asistans lan ak aplikasyon ki anba yo pou konsèy ak èd.

OGANIZASYON	NIMEWO TELEFON	SÈVIS
Sèvis Mondyal Legliz	+1-800-375-1433 Lendi-Vandredi 9è pou 5è pm Ou ka kite yon mesaj vokal si an deyò lè sa yo	Sant Apèl CWS, yon liy asistans nasyonal ki mete moun ki ap rele yo an kontak avèk resous gratis oswa a ba pri nan kominote lokal yo tankou resous legal, medikal ak lòt bezwen de baz yo, ak soutyen volontè.
USAHello Epi aplikasyon -FindHello	find.usahello.org oubyen eskane kòd QR sa: 	FindHello, yon aplikasyon wèb epi mobil pou konekte moun ki ap chache azil avèk moun k'ap bay sèvis legal e lòt resous pou kominote, tankou lojman, swen sante, edikasyon, ak sèvis anlwa. Li disponib an Anglè, Espanyòl ak Arab.
RAICES	+1-800437-3071 (apèl oswa mesaj)	Liy telefonik Canopy, yon liy telefonik nasyonal pou konekte migran e moun k'ap chache azil avèk sèvis sosyal nan zòn yo epi bay asistans avèk defi komen, tankou enskripsyon lekòl ak transpò lokal.
Avoka pou dwa lòm	+1-612-746-4674	Liy Nasyonal èd sou Azil, yon liy telefonik nasyonal pou konekte moun ki ap chache azil avèk sèvis legal gratis nan zòn yo e pou bay enfòmasyon sou pwosesis legal la.
Sèvis Legal Imigrasyon Houston Kolabore	+1-833-HOU-IMMI (468-4664) Lendi-Vandredi 9è pou 5è pm MST	Liy telefonik dwa imigran, yon liy telefonik nasyonal pou bay enfòmasyon ki aktyalize konsènan politik imigrasyon ak referans bay founisè sèvis legal, ak pou resevwa rapò diskriminasyon.





SIT WÈB POU ÈD SIPLEMANTÈ

Itilize sit wèb anba yo pou konsèy ak èd

OGANIZASYON	Adrès paj wèb	SÈVIS
UNHCR/ACNUR	ANGLÈ: www.unhcr.org/en-us/asylum-resources.html ESPANYÒL www.unhcr.org/en-us/recursos-de-asilo.html	<ul style="list-style-type: none">• Enfòmasyon konsènan pwosesis azil la• Kontak pou resewa èd legal• Enfòmasyon sou peyi orijin• Resous pou reklamasyon azil baze sou LGBTI• Resous pou reklamasyon baze sou vyolans gang• Enfòmasyon pou moun ki san patri• Kesyon yo poze souvan
Rezo Avoka imigrasyon	www.immigrationadvocates.org/nonprofit/legaldirectory (plizyè lang, Espanyòl ladan)	Repètwa sèvis legal (gratis oswa ba pri)
Rezo Avoka imigrasyon epi Pro Bono Net	www.immi.org (ak Anglè)	Yon resous pou ede enfòm imigran ak moun ki ap chache azil konsènan dwa yo, pou ede yo ret a jou sou chanjman lwa imigrasyon, konprann opsyon legal yo genyen, epi konekte yo ak èd legal.
Èd pou lwa imigrasyon	www.ImmigrationLawHelp.org	Repètwa pou repere sèvis legal gratis oswa ki ba pri nan yon vil vize. Itilizatè a ka cheche nan plizyè lang pou li lokalize yon òganizasyon legal avek kòd zip Li disponib tou sou non yon aplikasyon ki rele Immigo.
Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken	www.aila.org	Yon baz de done ki gen avoka imigrasyon ke ou ka chache pa nivo ekspètiz (tankou azil), lang, e zòn yo ye. Baz de done an pa limite a reprezantasyon ba pri
Biwo administratif pou Revizyon Imigrasyon	www.justice.gov/eoir/self-help-materials www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers-map	Gid pou ede tèt ou nan pwosede eliminasyon imigrasyon ak yon lis founisè legal pro bono pa eta.
Pwojè Florence lan	www.firrp.org/resources/prose (Anglè ak Espanyòl)	Resous pou ede avèk reklamasyon azil ou yo
Sèvis Imigrasyon ak Refijye Lutheran	ESPANYÒL https://tinyurl.com/y9yyxsvt ANGLÈ: https://tinyurl.com/y9bvo633	Lyen pou premye etap yo, yon gid detaye pou moun ki ap chache azil





APLIKE POU AZIL

Kisa mwen ka fè si mwen pè tounen nan peyi mwen?

Azil se yon tip de pwoteksyon ki pèmèt on moun rete Etazini olye yo voye li tounen nan yon peyi kote li pè aleakoz **pèsekisyon**.

Azil se **pa** yon garanti. Moun ki espere jwenn azil dwe aplike e montre gouvènman an ke yo kalifye.

Pou aplike, on moun dwe konplete e klase yon **aplikasyon azil (Fòmilè I-589)**:

Department of Homeland Security
U.S. Citizenship and Immigration Services
U.S. Department of Justice
Executive Office for Immigration Review

OMB No. 1615-0067; Expires 09/30/2022

**I-589, Application for Asylum
and for Withholding of Removal**

Ki kote m'ap jwenn fomilè I-589?



An liy: www.uscis.gov/i-589



Telefòn: Liy pou fòmilè Depatman Sekirite enteryè 1-800-870-3676



De yon **avokaoswa** **oganizasyon** ki otorize pou ede imigran

Lalwa nan Etazini mande pou moun ki ap aplike pou azil fe sa pandan yon ane apre arive yo Etazini.

Men: Yon moun ka gen plis tan si yo ka montre sikonstans ekstraòdinè pou yo delè oswa sikontonstans chanjman ki ka afekte seryezman elijibilite yo pou azil.

Moun ki ranpli dosye ta dwe explike rezon pou delè yo e yo ka kontredi chans yo pou yo aplike pou azil.


Apran plis sou sit UNHCR/ACNUR
www.unhcr.org/585ad96e4



APLIKE POU AZIL

Yon moun ki lage sou fwontyè e ki ap aplike pou azil ap pase plizyè etap avan gouvènman Etazini an pran yon desizyon. Chak wout inik, men gen yon wout tipik:

1. Vwayaje al nan yon nouvo kominote



Bienvini!



3. Rele liy tribinal la

Tcheke reglilyèman dat tribinal yo
1-800-898-7180.

2. Al tcheke nan ICE

ICE ap bay enstriksyon pou tcheke
pi devan – ale nan sa yo tou.



4. Cheche yon avoka

Yon avoka ka komanse
Edew a nenpòt ki moman.



6. Èske mwen ka aplike pou yon pèmi travay?

Verifye avèk yon avoka imigrasyon oswa lòt pwofesyonèl
kalifye pou wè si ou ka aplike epi kilè ou elijib pou aplike
pou yon pèmi travay (I-765). Tan datant pou aplike
pou yon pèmi travay depann de divès faktè nan dosye
imigrasyon ou

5. Ale nan premye odyans tribinal

("Metrizè kalandriye"). Nan dat sa,
soumèt aplikasyon azil la (1-589).



7. Ale nan dènye odyans tribinal la

("Endividyèl"). Bay prèv konsènan
pèsekisyon nan peyi dorijin nan.



8. Tann desizyon jij



Ako azil



Azil refize

Ou gen 30 jou pou mande pou yo
tounen sou desizyon yo



TRIBUNAL IMIGRASYON

Moun yo relache nan fwontyè a dwe prezante devan yon jij imigrasyon nan tribinal imigrasyon an. Genyen twa fason prensipal pou aprann kilè dat tribinal ou an ye.

1. Avi pou Prezante

Avi pou Prezante a (Notice to Appear, NTA) se dokiman an ke gouvènman an te bay yon moun pou enfòmè sou kilè ak kikote pou ale nan tribinal imigrasyon an. Jeneralman gouvènman an bay Avi pou Prezante a bay moun yo anvan yo relache yo nan fwontyè a. Si ou pa te resevwa okenn papye nan moman yo relache w la oswa anvan sa, li rekòmande pou ou konsilte yon avoka imigrasyon oswa lòt pwofesyonèl kalifye.

U.S. Department of Homeland Security
U.S. Citizenship and Immigration Services

Notice to Appear

In removal proceedings under section 240 of the Immigration and Nationality Act.

Subject ID: 12345678 FIN #: 12323445 File No: 123 456 789
DOB: 01-01-0000 Exam No: AAA12345678

In the Matter of:
Respondent: FIRST AND LAST NAME currently residing at:
STREET ADDRESS, CITY, STATE, ZIP (Please insert city, state and ZIP code) 00000 XXXXX

1. You are an alien native-born.
 2. You are an alien present in the United States who has not been admitted or granted.
 3. You have been admitted to the United States, but are deportable for the reasons stated below.

The Service attests that you:
 1. You are not a citizen or national of the United States;
 2. You are a native of COCOTRY and a citizen of COCOTRY;
 3. You were admitted to the United States at or near New York New York on or about February 14, 2011 as a nonimmigrant B2 Temporary Visitor for Pleasure with substantial intent to return to the United States for a temporary period set to exceed August 14, 2011.
 4. You have remained in the United States beyond August 14, 2011 without authorization from the Secretary of Homeland Security.

On the basis of the foregoing, it is charged that you are subject to removal from the United States pursuant to the following provision(s) of law:

Section 237(a)(1)(B) of the Immigration and Nationality Act, as amended, in that after admission as a nonimmigrant under Section 101(a)(2) of the Act, you have remained in the United States for a time longer than permitted, in violation of the Act or any other law of the United States.

This notice is being issued after an asylum officer has found that the respondent has demonstrated a credible fear of persecution or torture.

Section 235(b)(1) order was issued pursuant to: 8 CFR 201.10(c)(2) 8 CFR 211.3(a)(3)(ii)

YOU ARE ORDERED to appear before an immigration judge of the United States Department of Justice at:
Office of the Immigration Judge, Street Address, Suite Number, City, State, Zip

on Month Day of Year at Time unless you have been notified that you are removed from the United States based on the charge(s) set forth above.

First and Last Name, Field Office Director
Signature of Director

Date: Month Day, 2018 City, State

See reverse for important information

Form I-861

2. Sit Entènèt EOIR

EOIR (Biwo Egzekitif pou Kontwòl Imigrasyon) se non biwo ki responsab tribinal imigrasyon yo. Sou sit entènèt li a, ou ka chèche dat ak lye odyans imigrasyon ou an sou sistèm Enfòmasyon Dosye Otomatik sou entènèt la.

- Pou Anglè, ale sou <https://portal.eoir.justice.gov/InfoSystem/Form?Language=EN>
- Pou Espanyòl, ale sou <https://portal.eoir.justice.gov/InfoSystem/Form?Language=ES>

Pou konnen dat tribinal ou an, antre **nimewo A**, moun konnen tou sou non nimewo dosye ou an. Sa se nimewo yo atribye avèk ou epi ki genyen sou tout dokiman imigrasyon yo, ki genyen ladan Avi pou Prezante a. Li kòmanse avèk yon "A" epi li swiv avèk nèf chif (egzanp A123-456-789).

Si sit entènèt la pa montre yon odyans, verifye ke kazye a di, "dosye a annatant". Pafwa li pran tan pou tribinal imigrasyon an planifye yon odyans.

Epitou ou ta dwe tcheke kazye ki di "enfòmasyon konsènan Tribinal sa a" pou verifye adrès tribinal la. Li enpòtan pou asire ke lye tribinal la se lye ki toupre kote w ap viv la. Si li pa montre lye tribinal imigrasyon ki pi pre a, lye tribinal Imigrasyon ki pi pre w, ou ta dwe chèche asistans yon avoka imigrasyon oswa lòt pwofesyonèl kalifye.

UNITED STATES DEPARTMENT OF JUSTICE

EXECUTIVE OFFICE FOR IMMIGRATION REVIEW

ANNOUNCEMENT

Due to the coronavirus pandemic, some immigration matters may be delayed and some hearings may be postponed. While new hearing dates are being scheduled, case status and hearing date information may not be updated in this system. Respondents or their representatives who are affected will be sent notices of their new hearing dates at least 10 days before the new hearing date. This system will be updated after the issuance of the new hearing notices. As always, court documents such as notices are your official source of information. Before going to an immigration court for your hearing, please check the EOIR website (www.justice.gov/eoir) for information about the operational status of the relevant immigration court.

Automated Case Information en Español

Welcome to the Automated Case Information system. The following information relates to the primary case only. Please contact your local court if you need bond hearing information.

If you are a recent arrival and were apprehended between ports of entry on or after May 28, 2021, placed in removal proceedings, and enrolled in Alternatives to Detention, please see [resources](#).

A-Number Submit

Note: This form is powered by mcCAPTCHA

Instructions: The alien registration number, also known as the A-Number, begins with the letter "A" and is followed by an 8 or 9 digit number. This number is printed in all DHS and EOIR correspondence. If your A-Number has 8 digits, please enter those numbers. If your A-Number has 9 digits, please enter a zero followed by the eight digits. Do not enter the letter "A".

DEPARTMENT OF JUSTICE | EXECUTIVE OFFICE FOR IMMIGRATION REVIEW | 1500 LEESBURG PKWY. SUITE 2000, FALLS CHURCH, VA 22044
HOME | HELP | CONTACT US



TRIBUNAL IMIGRASYON

3. Liy Asistans EOIR

Epitou EOIR itilize sistèm Enfòmasyon sou Dosye sou telefòn nan an Anglè ak Espanyòl ki disponib 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Men enstriksyon sou fason pou itilize liy asistans lan:

- Rele **1-800-898-7180**.
- Pou tande enstriksyon yo an Anglè, fè nimewo **1**; pou Espanyòl, fè nimewo **2**.
- Antre nimewo **A** ou an. Konfime ke ou te antre l yon fason ki kòrèk, oswa si li pa kòrèk, antre l yon lòt fwa.
- Operatè a pral di non w, kòmanse avèk non fanmi w epi apresya prenon w. Konfime ke non w kòrèk, oswa si li pa kòrèk, antre nimewo **A** ou an yon lòt fwa. Tanpri konnen si non w pa kòrèk sou Avi pou Prezante a, li p ap kòrèk nan sistèm nan tou.
- Liy asistans lan bay yon meni sou opsyon yo. Fè nimewo **1** pou tande pwochen dat odyans ou an.
- Si non w nan sistèm nan men pa genyen okenn dat odyans, ou ka fè nimewo **3** pou tande si jij la te pran yon desizyon nan dosye ou an. Li enpòtan sizoka ou te rate yon odyans imigrasyon epi jij la te pran yon desizyon pandan absans ou.



Pa Bliye!

- Li enpòtan anpil pou tribinal imigrasyon an genyen adrès postal ki kòrèk la pou ou pa rate okenn komunikasyon enpòtan de tribinal la. Enstriksyon sou fason pou akyalkize adrès ou an enkli nan pakè sa a.
- Lè w ap chèche enfòmasyon konsènan pwochen odyans nan tribinal pou fanmi w swa nan sistèm sou entènèt la oswa nan sistèm Enfòmasyon sou Dosye nan telefòn, asire w ke ou chèche nimewo **A** pou chak manm fanmi, ki genyen ladan nimewo **A** timoun yo tou. Chak moun genyen pwòp nimewo **A** yo, pakonsekan ou dwe verifye yo chak sizoka tout moun nan fanmi w pa genyen menm dat tribinal la.
- ISI sistèm Enfòmasyon sou Dosye sou entènèt oswa nan telefòn nan pa genyen okenn enfòmasyon konsènan yon pwochen odyans nan tribinal, verifye ankò chak semèn jiskaske sistèm nan ajou avèk Avi pou Prezante ou an, ki genyen ladan dat ak lye pwochen odyans nan tribinal la.



OU VLE TRAVAY?

Moun ki lage sou fwontyè pa gen yon dwa garanti pou yo travay. Si y ap aplike pou azil, yo kapab elijib pou aplike pou yon pèmi travay aprè yon peryòd datant. Yo kapab akòde oswa yo kapab pa akòde aplikasyon pou pèmi travay la.

Pou plis enfòmasyon detaye, li ka itil pou :

- Mande yon avoka (gade lis ki nan pakè sa a pou jwenn asistans)
- Revize enstriksyon gouvènman Etazini an nan www.uscis.gov/i-765
- Li Chapit 15 nan First Steps (Premye Etap yo): www.lirs.org/first-steps/

Sonje: referans pou peryòd datant pou aplike pou yon pèmi travay nan First Steps la pa ajou epi li pa aplike pou tout moun k ap chèche azil. Tanpri verifye avèk yon avoka imigrasyon oswa yon pwofesyonèl legal ki kalifye.

KOMAN POU KOMANSE

1. Ranpli yon aplikasyon azil (Fòmilè I-589)

Department of Homeland Security
U.S. Citizenship and Immigration Services

OMB No. 1615-0067; Expires 09/30/2022

U.S. Department of Justice
Executive Office for Immigration Review

I-589, Application for Asylum and for Withholding of Removal

2. Aprè atant ki obligatwa a jou, aplike pou yon pèmi travay avek Fòmilè I-765.

Enstriksyon I-765 yo di ki evidans aplikasyon an dwe genyen ladan.

Application For Employment Authorization

Department of Homeland Security
U.S. Citizenship and Immigration Services

USCIS

Form I-765
OMB No. 1615-0040
Expires 07/31/2022

Lè ou ranpli yon I-765 anvan peryòd datant lan fini sa ka fè yo refize w otomatikman.

Ale nan tout randevou, entrevi, oswa ekout tribunal ka ede ak pwosesis pèmi travay la, e li ka proteje ou de refi pèmi travay la oswa depotasyon.

Nenpot delè aplikan an (*egzanp: rate enpresyon anprent oswa biometrik*), **p** ap enkli nan peryòd atant lan. Sa ka pwolonje atant lan.



WAP CHANJE ADRÈS?

Yo mande ke moun ki lage sou fwontyè ak yon avi pou parèt nan tribinal imigrasyon enfòm gouvènman Etazini an si yo ap chanje adrès.

Pou yo fe sa, yo ap soumèt yon **Fòm chanjman adrès EOIR-33**:

U.S. Department of Justice Executive Office for Immigration Review	Alien's Change of Address/Phone Number Form Immigration Court
---	--

Chak tribinal imigrasyon ka gen adrès diferan. Tcheke tribinal la pou bon fòmilè a:
www.justice.gov/eoir/form-eoir-33-eoir-immigration-court-listing

Moun ki chanje adrès yo ka vle oswa bezwen **chanje tribinal** pou yo al nan yon lot ki pi prè.

Pou yo fè sa, yo dwe soumèt yon **Mouvman pou chanjman plas**.

Enfòmasyon detaye ak echantiyon sou kòman pou konplete e soumèt chanjman adrès ak on mouvman pou chanjman plas disponib la:
www.justice.gov/sites/default/files/pages/attachments/2016/01/14/have_you_moved.pdf

Se yon bon ide pou revize tout kondisyon yo

Gouvènman Etazini an di tout otan gouvènman an pako pran yo desizyon sou mouvman pou chanjman plas la, aplikan an “dwe al nan tout ekout planifye yo” nan tribinal avan an.





TRAFIK MOUN

Se pou ou vijilan epi mande èd

- Èske yon moun pran idantifikasyon ou ak dokiman yo deja?
- Èske yon moun fose ou travay pou yo pou peye yon dèt?
- Èske yon moun fose ou travay oswa fè bagay avèk ou san konsantman w'?
- Èske yon moun menase ou pou li blese w' oswa blese fanmi w'?
- Èske w' gen pi piti laj ke 18 ane epi yo peye w' pou fè bagay deja?

Moun gen dwa Etazini, nenpòt ki estati imigrasyon li.

Èd gratis e konfidansyèl pou sivivan
Trafik imen disponib la:
www.humantraffickinghotline.org

Liy telefonik Nasyonal Trafikan moun : 1-888-373-7888
BeFree Liy pou ekri: Ekri "Help" nan 233733 (BeFree)

** Liy telefonik pou ekri a se an Anglè, men
Liy telefonik lan gen moun ki pale Espanyòl.*



APRANN PLIS

Depatman Sekirite Enteryè (DHS) Kanpay Ble
www.dhs.gov/blue-campaign